



Lejyoneloz

Kisa Lejyoneloz ye?

Lejyoneloz se yon enfeksyon moun pran akòz yon kalite bakteri ki rele *Legionella*. Maladi Lejyonè gen pou wè ak fòm enfeksyon pi grav la tankou nemoni. Fòm lejyoneloz ki pi modere a rele lafyèv Pontiac.

Kisa sentòm Lejyoneloz yo ye?

Sentòm yo pou Maladi Lejyonè anjeneral genyen ladan yo lafyèv, frison ak yon tous. Gen moun tou ki genyen doulè nan mis, maltèt, fatig, pèdi apeti, ak kèkfw dyare. Moun ka gen pwoblèm nan ren ak nemoni tou.

Moun ki gen lafyèv Pontiac santi lafyèv ak doulè nan mis men yo pa gen nemoni.

Konbyen tan sa pran pou sentòm yo devlope?

Sentòm yo pou moun ki genyen Maladi Lejyonè a ka kòmanse ant 2 a 14 jou apre yo te fin pran kontak ak bakteri a. Moun ki genyen lafyèv Pontiac kòmanse santi yo malad nan 24 a 48 èdtan apre kontak la.

Kouman lejyoneloz simaye?

Enfeksyon sa a simaye lè moun respire brim oubyen vapè (ti gout dlo nan lè a) ki genyen bakteri a. Moun ka vin malad nan respire ti gout dlo flite ki soti nan yon sistèm dlo (tankou refwadisè, tank dlo cho, gwo sistèm plonbri oubyen fontèn dekoratif) ki pat byen netwaye ak dezenfekte. Bakteri a **pa** simaye de yon moun a yon lòt. Pa genyen prèv bakteri sa a devlope nan klimatizè vwati oubyen fenèt yo.

Kouman yo dyagnostike li?

Si doktè ou sispèk Lejyoneloz, l ap rekòmande pou ou fè tès pou konfime prezans bakteri a. Nan Boston, yo dwe rapòte ka sispèk yo bay komisyon sante piblik Boston nan 617-534-5611.

Kouman yo trete lejyoneloz?

Yo sèvi ak antibyotik pou trete moun ki genyen Maladi Lejyonè. Tretman pou lafyèv Pontiac se tretman èd (likid, repo ak medikaman pou bese lafyèv).

KONTINYE

Ki moun ki gen risk pou devlope maladi Lejyonè?

- Granmoun aje (anjeneral 50 lane oubyen pi gran)
- Moun ki fimen ak moun ki te konn fimen
- Moun ki genyen maladi poumon kwonik (tankou MPOC oubyen enfizèm)
- Moun ki genyen sistèm iminitè yo fèb

Kisa ki ka fèt pou anpeche lejyoneloz?

Bon antretyen sistèm dlo yo kapab limite kwasans ak pwopagasyon bakteri lejyonèl la. Pa genyen vaksen ki ka anpeche lejyoneloz.

Pandan epidemi an, komisyon sante piblik Boston an idantifye sous bakteri a epi rekòmande aksyon nesèsè pou prevansyon ak kontwòl. Rekòmandasyon yo kapab genyen ladan yo dekontaminasyon sous dlo a.

	Maladi Lejyonè	Lafyèv Pontiac
Sentòm	Nemoni, tous, lafyèv; doulè nan mis, maltèt, fatig, pèdi apeti; kèkfwà dyare	Maladi ki sanble ak lagrip (lafyèv, frison, malèz) san nemoni
Peryòd kouvezon	2-14 jou apre kontak	24-72 è apre kontak
Ajan etyolojik	Espès lejyonè	Espès lejyonè
Entène lopital	<i>souvan</i>	<i>ra</i>
Pousantaj ka mòtèl	5-30%	0%

